# Урочы структурæ

| Урочы этаптæ | Ахуыргæнæджы архайд. | Ахуырдзауты куыст. | УАА |
| --- | --- | --- | --- |
| **Мотиваци** (ахуыргæнæг дæтты æрмæг ног темæ равзарынæнæн æххуыс чи у ахæм). | - Уæ бон хорз, ахуырдзаутæ. Абон нæ урок райдайдзыстæм эпиграфæй, бакæсут ма йæ æмæ уæ зæрдыл æрлæууын кæнут:<br>1. Кæсы кадæг «Нарты равзæрд»<br>2. Цы зонут Нарты кадджыты тыххæй?<br>3.Чи сбæлвырд кæндзæн абоны урочы темæ? | Дзуапп дæттынц фæрстытæн,<br>сæ хъуыдытæ дзурынц<br>1. Нарты кадджытæ хауынц адæмон дзургæ сфæлдыстадмæ;<br>2. Фæзындысты тынг раджы, нæ дуджы агъоммæ;<br>3. Нарты кадджытæ | **Регулятивон** (ахуырадон нысан æвæрын; проблемон фарст æрæвæрын) |
| **Актуализаци** (сбæрæг кæнын ахуырдзаутæ къуылымпытæ кæм æййафдзысты, уый.) | -Уæдæ абон нæ урочы темæ, кæй зæгъынæй хъæу, раст бафиппайтат:<br>Нæ урочы нысантæ сты нæ<br>зæрдыл æрлæууын кæнын Нарты эпосы фæлгонцтæ, бакусын ныхасы рæзтыл, базоынгæ уæвын нæ рагфыдæлты хорз æгъдæуттимæ. | Дзуапп дæттынц фæрстытæн;<br><br>Нарты кадджыты равзæрды историимæ зонгæ кæнынц. | **Зонадон** (Цæттæ кæнын ахуырдзауты ныхасы архайынмæ, хатдзæгтæ кæнынмæ арæхсын) |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Урочы темæйыл куыст.** | Нæ чысыл ирон адæммæ ис æмбисонды Нарты кадджыта. Нæ ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй сты ирон адæмы энциклопеди. Сæдæгай азты дæргъы нæ фыдæлтæ цы уыдтой сæ алыварс, цы зыдтой, цы хъуыды кодтой æмæ цæмæ бæллыдысты, уыдон иууылдæр æвдыст æрцыдысты эпосы.<br><br>Фæрстытæ:<br><br>1.Нарт уыдысты цардуарзаг, адæймагуарзаг. Стыр аргъ кодтой сæрибардзинадæн, кадæн, æмæ уыдон раттыны бæсты мæлæтыл разы уыдысты.<br><br>Нарты кадджытæ дих канынц 4 циклыл<br><br>А) Уархаг ама йа фыртта<br>Б) Уырызмаг ама Сатана<br>В) Сослан<br>Г) Хамыц ама Батраз<br><br>2. Амоны презентаци: Тугъанты Махарбеджы нывтæ Нарты эпосмæ. | дзуапп дæттынц;<br><br>Ранымадтой Нарты сæйраг фæлгонцты, раттой сын характеристикæ<br><br>Сæ тетрадты фиппаинæгтæ фыссынц.<br><br>Хæссынц дæнцæгæн æмбисæндтæ нарты кадджытимæ баст:<br><br>- Нæртон лæг æхсары бын оффытæ нæ кæны;<br><br>- Нарты разагъды лæгау æгъдауджын;<br><br>-Нæртон хъаруйы хицау;<br><br>- Нæртон рæсугъд.<br><br>Архайджытæм гæсгæ дзуапп дæттынц.<br><br>Презентациимæ зонгæ кæнынц. | **Зонадон** (хъæугæ информаци ссарын зонын, аивадмæ бандзæвын)<br><br>**удгоймагон** (æмбарын æгъдау æмæ æфсармы ахадындзинад нæ адæмы царды). |
| **Ног æрмæгыл куыст.**<br><br>**Чиныгимæ куыст** | Амоны кадæг «Уастырджи Сатанайы куыд фервæзын кодта». | Ахуырдзаутæ кадæг аив кæсынц, фæрстытæн, дзуæпп дæттынц, радзырды сæйраг архайджытæн аргъ кæнынц. | **Регулятивон** (зонынадон хъæппæрис æвдисын) |

| Дзырдутон куыст | ÆНÆЗОНГÆ ДЗЫРДТÆ амоны. | Фыссынц ног дзырдтæ | **коммуникативон** (хи хъуыдытæ бæлвырдæй æмæ æххæстæй зонын дзурын) |
|---|---|---|---|
| **Æрмæг бафидар кæнынил куыст.** | 1. Кæй чызг у Сатана?<br>2. Цы ма зонут Сатанайы тыххæй?<br>3. Бæгæны куыд фæзынд.<br><br>4.Чи у Уастырджи? | дзуапп дæттынц:<br>1.Уастырджи æмæ Дзерассæйы (Донбеттырты чызг)<br>2. Сатана у матриархаты символ;<br>3. Ирон бæгæны дæр нæм ис Сатанайы руаджы.<br>Нарты бæркадкъух Сатана хоры зад байтыдта хурмæ, æмæ цыдæр кусинæгтимæ бадти хуртуаны цур. Уæд дын кæсы, æмæ иу цъиу къутæрыл абадт, ахордта хуымæллæджы гага, стæй æртахти Сатанайы размæ, æмæ ма задынæмыг дæр ахордта. Цас рацыдаид, фæлæ цъиу ыстæхын нал фæрæзта – куы иуырдæм, куы иннæрдæм фæчиуы, пæррæстытæ кæны. Сатана дæр ауад, хуымæллæг ратыдта, сфыхта йæ хоры задимæ, æмæ дзы диссаджы бæгæны рауад.<br><br>4.Уастырджи у Нарты эпосæн йæ сæйраг хъайтар. У нæлгоймæгты бардуаг. Хайджын у алæмæтаг хъару йæ. Райгас кæны мæрдты. Арæх зæронд лæджы хуызы æрбацæуы Нартæм. Абоны онг дæр ирон адæм кувынц Уастырджимæ. | **удгоймагон** патриотизмы нысаниуæг ныффидар кæнын<br><br>**Зонадон,** (анализ) **коммуникативон** (бæлвырд дзурын хи хъуыдытæ;) |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Хатдзæгтæ скæнын**.<br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br>**Рефлекси** | 1. Нарты кадджытæ сты ирон адæмы хæзнадон.<br>2. Кадæджы æвдыст цæуы адæмæн сæ цæстæнгас цардмæ.<br>3. Царды, куыд бирæ мин азты размæ, афтæ абон дæр ис æбуалгъ митæ æмæ нæ Нарты кадджытæ ахуыр кæнынц ууыл, цæмæй цард фыдуындгæнæг митимæма разы ма кæнæм.<br>4. Цавæр миниуджытæ сты уыдон?<br><br>5. Цавæр фыдæлты хорз æгъдæуттыл нæ ахуыр кæны кадæг?<br><br>6. æппæты цымыдиссаг дæр та уый у, æмæ ирон адæм уыдысты Хуыцауыл æууæндæг, æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уырныдта сæ, æвзæрдзинад чи ракана, уый æнæ æфхæрдæй кæй нæ баззайдзæн. | 4. Хиндзинад, Сатанайыл рацыдысты хинæй, хæлæг, козбаудзинад.<br>5. Нуæзтæй зыдтой бæрц, хæдзары нæлгоймаг куы нæуыд, уæд мидæмæ нæлгоймаг нæ хуыдтой, мæнгарддзинад нæхатыр кодтой.<br><br><br><br><br><br><br><br>1. Абон æз базыдтон…<br>2. Мæнæн уыди цымыдиссаг…<br>3. Ныр мæбон у…<br>4. æз сахуыр дæн…<br>5. æз урочы куыстон хорз/æвзæр…<br>6. Рацыд æрмæг бамбæрстон/ нæ бамбæрстон…<br>7. Мæ зæрдæйы ахаст хорз/ æвзæр… | **удгоймагон**<br>(адæймаджы раз цы домæнтæ æвæрд ис уыдон æххæст кæнын) |
| **Хæдзармæ куыст** | Нывæцæн: «Нæртон Æфсин Сатана» | Хæдзармæ хæслæвæрд сæ тетрæдты фыссынц | |